Nama : ..... Kelas : .....

B. Nyarita

Molahkeun paguneman di handap jeung babaturan sakelompok!

Oléh-oléh

Angga : "Paralay henteu?"
Intan : "Naon, Ga?"
Angga : "Katimus."
Intan : "Katimus ti mana, Ga?"
Angga : "Ieu Uwa ngadamel nyalira."
Intan : "Oh, ieu téh oléh-oléhna, nya? Cing, abdi ngaraosan."
Angga : "Mangga. Sok wé nyandak!"

(Risma jeung Intan nyokot katimus hiji séwang. Bungkusna dibuka, tuluy didahar.)

Risma : "Amis, nya!"
Intan : "Muhun, amis pisan. Ari ieu dibungkusna ku naon, Ga?"
Angga : "Ku daun cau."
Risma : "Di Cililin seueur katimus kitu?"
Angga : "Seueur. Nu mawi upami ka Cililin téh, abdi mah sok dibahanan katimus ku Wa Soléh. Saurna téh oléh-oléh ti Cililin.
Risma : "Oléh-oléh ti Cililin mah wajit, nya. Tah, upami ti Sumedang mah oléh-oléhna téh tahu, anu katelah tahu Sumedang."
Intan : "Upami ti Garut dodol, dodol Garut."
Angga : "Muhun nya, ampir unggal daérah gaduh katuangan, anu sok dijadikeun oléh-oléh. Di Cianjur ogé aya, anu sok dianggo deungeun sangu téa geuning, dibotolan."

LIVEWORKSHEETS

Intan : "Oh, tauco atuh éta mah."
Angga : "Tah, muhun tauco."
Risma : "Ari ti Bandung naon oléh-oléhna?"
Intan : "Aya ti Bandung mah peuyeum sareng oncom."
Risma : "Aéh, muhun nya."
Angga : "Tapi peuyeum mah di Purwakarta ogé aya, geuning sok ngagarantung di warung-warung sisi jalan."
Intan : "Oh, peuyeum gantung!"
Risma : "Ih, sanés peuyeum gantung, disebatna téh peuyeum Bendul, pédah anu gadamelna urang Bendul."
Intan : "Ké, ah, abdi ogé upami ti Ciamis badé ngabantun galéndo, raos geura."
Angga : "Naon galéndo téh?"
Intan : "Galéndo téh dedek minyak kalapa. Éta ogé sok dianggo oléh-oléh ku nu ti Ciamis mah."
Risma : "Seueur geuning nya katuangan oléh-oléh téh, aya ampir di unggal daerah."

a. Ngajawab Pananya

Jawab pananya di handap ku cara milih jawaban anu bener!

1. Anu ngalakukeun paguneman di luhur téh ....
   a. duaan
   b. tiluan
   c. opatan
   d. limaan
2. Ari anu mawa katimus nyaéta ....
   a. Angga
   b. Risma
   c. Intan
   d. Wa Soléh

LIVEWORKSHEETS

3. Katimus téh kadaharan ti ....
   a. DKI Jakarta
   b. Jawa Barat
   c. Bali
   d. Kalimantan
4. Katimus téh dibungkusna ku ....
   a. daun jagong
   b. daun cau
   c. daun kalapa
   d. daun sampeu
5. Ari oléh-oléh ti Garut nyaéta ....
   a. tahu
   b. dodol
   c. tauco
   d. galéndo
6. Galéndo téh oléh-oléh ti ....
   a. Cianjur
   b. Bandung
   c. Ciamis
   d. Sumedang
7. Galéndo téh mangrupa dedek ....
   a. minyak tanah
   b. minyak kalapa
   c. minyak seungit
   d. minyak kayu putih
8. Oléh-oléh ti Bandung nyaéta ....
   a. tahu jeung peuyeum
   b. peuyeum jeug oncom
   c. oncom jeung galéndo
   d. mochi jeung tauco
9. Di Purwakarta ogé aya peuyeum, anu katelah ....
   a. Peuyeum Bendul
   b. Peuyeum Bandung
   c. Peuyeum gantung
   d. Peuyeum ketan

LIVEWORKSHEETS

10. Peuyeum téh dijieunna tina ....
    a. hui
    b. kentang
    c. sampeu
    d. taleus
11. Di handap iéu kadaharan khas Garut iwal ti ....
    a. dorokdok
    b. burayot
    c. dodol
    d. wajit
12. Tauco dijieunna tina ....
    a. kacang hejo
    b. kacang kedele
    c. kacang tanah
    d. kacang panjang
13. Kumaha ari rasa katimus téh ....
    a. amis
    b. asin
    c. haseum
    d. pait
14. Saha anu ngabahanan Angga katimus téh ....
    a. Ema
    b. Bapa
    c. Wa Soleh
    d. Angga
15. Angga nawaran naon ka Risma jeung Intan téh ....
    a. katimus
    b. galéndo
    c. peuyeum Bendul
    d. tauco

LIVEWORKSHEETS